



NeMutungamiri Thomas S. Monson

Kuteerera Kunounza Maropafadzo

Ruzivo rwechokwadi nemhinduro kumibvunzo yedu mikurusa zvinouya kwatiri patinoteerera kumirairo yaMwari.

Mabhuratha nemasisita angu anodikanwa, ndinotenda zvikuru kuti ndinemi magwanani ano. Ndinokumbira ruvimbo neminamato yenyu apo ndinodavira kumukana wekutura kwamuri.

Mumakore ese, varume nevakadzi vakatsvaga ruzivo nenzwisiso maererano neupenyu hunofa huno uye nenzvimbo yavo uye nechinangwa chavo mahuri, pamwepo nenzira yokuwana runyararo norufaro. Kutsvaka ikoko kunoitwa nemumwe nemumwe wedu.

Ruzivo nenzwisiso izvi zviripo kuvanhu vose. Zviri muzvokwadi izvo zvinova zvokusingaperi. Mu Dzidziso neZvibvumirano chikamu chokutanga, ndima 39, tinoverenga, “Tarisai, uye onai, Ishe ndiMwari, uye neMweya unopupura, uye uchapupu ndehwe chokwadi, uye chokwadi chinogara nariini nariini.”

Mudetembi Anomukurumbira akanyora:

Kunyangwe zvose zviri mudenga

nepasi zvikatsakatika kana kuti zvikaparadzwa, Chokwadi, uzari hweurarami, chichakunda zvakaipisisa zvingaitika, Chokusingaperi, chisingashanduki, nariini nariini.¹

Vamwe vangabunza kuti, “Chokwadi chakadaro chinowanikwa kupi, uye tingachiziva sei?” Muzvakazarurwa zvakapuwira kuburikidza neMuporofita Joseph Smith kuKirtland, Ohio, muna Chivabvu wa1833, Ishe vakaburitsa pachena:

“Chokwadi ruzivo rwezvinhu sezvazviri, uye nezvazvakange zviri, uye sekuzouya kwazvichaita. . . .

“Mweya wechokwadi ndewa-Mwari. . . .

“Uye hakuna munhu anogashira kuzara kunze kwekunge achichengeta mirairo yavo.

“Uyo anochengeta mirairo ya[Mwari] anogashira chokwadi nechiedza, kudakara abwinyiswa muchokwadi uye ave kuziva zvose zvinhu.”²

Chivimbiso chakanaka zvakadii! “Uyo anochengeta mirairo ya[Mwari] anogashira chokwadi nechiedza, kudakara abwinyiswa muchokwadi uye ave kuziva zvose zvinhu.”

Hazvidikanwi kunewe kana kuneni, munguva ino yatiine ruzivo rwakawanda chaizvo uye yakadzore-rwa kuzara kwevhangeri, kuti titsvake chokwadi nenzira isati yamboshandiswa. Baba Vokudenga vanorudo vakaronga nzira yedu uye vakapa nhungamiri isingakundikani— iyo inova *kuteerera*. Ruzivo rwechokwadi nemhinduro kumibvunzo yedu mikurusa zvinouya kwatiri apo tinoteerera kumirairo yaMwari.

Tinodzidza kuteerera nemuhupepenyu hwedu hwese. Tichitanga apo patinenge tiri vana vadiki, avo vane basa rokutirera vanomisa mirairo nemitemo kuitira kugara kwedu zvisina njodzi. Upenyu hunozova nyore kwatiri tose kana dai tikateerera mitemo iyoyo zvakazara. Vazhinji vedu, zvisinei, tinodzidza ungaru hwekuteerera mushure mekutyora mitemo nokutambura nemibairo yako.

Apo pandaikura, zhizha roga roga kubvira kutanga kwaChikunguru kusvikira kutanga kwaGunyanana, mhuri yangu yainogara kuimba yedu yamapango yezororo kuVivian Park muProvo Canyon muUtah.

Mumwe weshamwari dzangu dzepamoyo pamazuva ekuzorora aya munhika umu aiva Danny Larsen, uyo mhuri yake yaivawo neimba yemapango yezororo kuVivian Park. Zuva rega rega iye neni taiswera tichitenderera munzvimbo iyi yaiva nezvinhu zvakanakidza zvokuitwa nevakomana vechidiki, kuredza

murukova nemurwizi, kunonga matombo nezvimwe zvinhu zvaka-kosha, kufamba pakareba, kukwira gomo, kana kungonakidzwa neminiti yoga yoga yeawa yoga yoga yezuva roga roga.

Mamwe magwanani Danny neni takafunga kuti taida kuvesa moto wepadare mukuru manheru iwayo neshamwari dzedu dzemunhika dzose. Taifanira chete kubvisa uswa mumunda waiva pedyo mataizokwanisa kuungana tose. Huswa hwaChikumi uhwo hwakanga hwakazara mumunda hwakanga hwaoma uye hwuchibaya, hwuchiita kuti munda uyu usave wakakodzera kuzvinangwa zvedu. Takatanga kudzura huswa hwakanga hwakareba uhwu, tichironga kubvisa nzvimbo huru, tichiita denderedzwa. Takakakata tikagwinha nesimba redu rose, asi zvole zvataikwanisa kudzura zvaingova zvitsama zvidiki zveuswa hwaigozha kudzura uhwu. Takaziva kuti basa iri raizotora zuva rose, uyeimba redu nechido chedu zvakange zvoderera.

Zvino ipapo izvo zvandakafunga kuti zvaiva mhinduro yakanakisa zvakauya mupfungwa dzangu dzemakore masere. Ndakati kuna Danny, “Zvatinofanira kuita chete kupisa huswa uhwu nemoto. Tinongopisa denderedzwa muhuswa!” Akabvuma pakarepo, uye ndikamhanya kuimba yedu yamapango kunotoro machisi mashoma.

Kuitira kuti musafunga kuti taibvumidzwa kushandisa machisi pazera diki remakore masere, ndinoda kutaura pachena kuti tose Danny neni tairambidzwa zvachose kushandisa machisi pasina munhu mukuru kutibatsira. Tose takanga tayambirwa kaka-wanda pamusoro penjodzi dzemoto. Zvisinei, ndaiziva paichengeterwa machisi nemhuri yangu, uye taida kubvisa huswa mumunda imomo. Ndisingambofungi kaviri, ndakamhanyira kuimba yedu yamapango ndikatoro zvitanda zvemachisi zvisoma, ndichiita chokwadi kuti hapana aindiona. Ndakazviviga nokukurumidza mune imwe yehomwe dzangu.

Ndakamhanya kudzokera kwaiva naDanny, ndichifara zvikuru kuti muhomwe mangu ndaiva nemhinduro kudambudziko redu. Ndinoyeuka ndichifunga kuti moto wacho waizopisa kusvikira kwataida chete zvino neimwe nzira waizozvidzima wega.

Ndakakwenya machisi pabwe uye ndikatungidza huswa hwakanga hwa-kaoma chaizvo hwaChikumi uhwu. Hwakapfuta sokunge hwakanga hwa-dirwa parafini. Pokutanga Danny neni takafara zvikuru apo pataiona huswa huchipera kutsva, asi nenguva diki zvakava pachena kuti moto wakanga usiri kuzodzima woga. Takavhunduka apo patakaziva kuti hapana zvataikwanisa kuita kuudzima. Mirazvu yemoto yaityisa yakatanga kupisa huswa hwaikwira nedivi regomo, ichiisa munjodzi miti yemupaini nezvimwe zvole zvaiva munzira yawo.

Pokupedzisira takanga tisisina zvokuita asi kumhanya kunotsvaga rubatsiro. Nenguva diki varume nemadzimai vole vaivapo paVivian Park vakamhanya mhanya nemasaga manyoro, vachirova mirazvu yemoto mukuedza kuidzima. Mushure memaawa mazhinji mazimbe ekupe-dzisira akanga asara akadzimwa. Miti yemupaini iyo yainge yakura kwemakore akawanda yakanga yadzivirirwa kubva mukutsva, pamwepo nedzimba idzo moto uyu waizopedzisira wasvika kwadziri.

Danny neni takadzidza zvidzidzo zvaka-wanda zvakaoma asi zvakakosha musi iwoyo —kunyanya chidzidzo chekukosha kwekuteerera.

Kune mitemo nemirau inobatsira kuti tisave nenjodzi dzepanyama. Saizvozvo, Ishe vakapa mitemo nemirairo inobatsira kuti tisave nenjodzi dzepamweya kuitira kuti tigokwanisa kufamba zvinobudirira muurarami huno hunowanzova nenjodzi uye tigogumisira tadzokera kuna Baba vedu Vokudenga.

Mazana emakore akapfuura, Samueri akataura pachena neushingi kuchizvarwa chevanhu vakanga vadzidziswa zvakasimba pamusoro pemupiro wemhuka kuti: “Kuteerera

kunokunda zvbairo, nokunzwa kunokunda mafuta amakondobwe.”³

Mumukowo uno, Ishe vakazarura kune Muporofita Joseph Smith kuti Vanoda “mwoyo uye nepfungwa inoda, uye avo vanoda uye vachiteerera vachadya zvakanaka zvenyika yeZioni mumazuva ano ekupedzisira.”⁴

Vaporofita vole, vakare nevanhasi, vakagara vachiziva kuti kuteerera kunofanirwa zvikuru kuruponeso rvedu. Nifai akataura pachena, “Ndichaenda ndonoita zvinhu izvo Ishe araira.”⁵ Kuyangwe vamwe vakakundikana muruvimbo rwavo nemukuteerera kwavo, Nifai haana kana kamwechete zvako kumbotadza kuita izvo Ishe zvaVakamuudza kuti aite. Zvizvarwa zvaka-wanda zvikuru zvakaropafadzwa nekudakwaizvozvo.

Nyaya yaAbrahama naIsaka inyaya yekuteerera inokurudzira zvikuru. Zvinofanira kunge zvaiva zvakaoma chaizvo uye zvichirwadza kuna Abrahama kuteerera kurairo yaMwari, kuti atore Isaka waaida chaizvo kuenda naye munyika yeMoria kunomupira sechibairo. Tinokwanisa here kufungidzira kusuwa kwaAbrahama apo paafamba kuenda kunzvimbo yakanga yataurwa? Chokwadi kushunguruka kunofanira kunge kwakaita kuti zvole muviri wake nepfungwa dzake zvirwadze zvikurusa apo paaisunga Isaka, nokumuradzika paartari, uye nokutora banga kuti amubaye. Nerutendo rwakasimba nechivimbo chakazara muna Ishe, akadavira kurairo yaIshe. Kudanidzira kwakanakisa zvikuru, uye Abrahama anofanira kunge akafara zvisingatauriki pakwakauya: “Usaisa ruoko rwako kumwana, usamuitira chinhu; nokuti zvino ndinoziva kuti unotywa Mwari, zvausina kundinyima mwanakomana wako, iye mwanakomana wako mumwe chete.”⁶

Abrahama akanga ayedzwa, uye nokuda kwekutendeka nekuteerera kwake Ishe vakamupa chivimbiso chakanakisa ichi: “ndudzi dzose dzenyika dzicharopafadzwa muvana vako; zvawakateerera inzwi rangu.”⁷

Kunyangwe tisingakumbirwi kutaridza kuteerera kwedu nenzira yakakura uye inorwadza pamwoyo kudai, kuteerera kunofanirwa kwatiriwo.

Mutungamiri Joseph F. Smith vakataura pachena muna Gumiguru 1873, “Kuteerera ndiwo mutemo wokutanga wekudenga.”⁸

Mutungamiri Gordon B. Hinckley vakati, “Rufaro rweVatendi vaMazuva Ekupedzisira, runyararo rweVatendi vaMazuva Ekupedzisira, kufambira mberi kweVatendi vaMazuva Ekupedzisira, kubudirira kweVatendi vaMazuva Ekupedzisira, uye rupo-neso rwekusingaperi nekusimudzirwa kwepamusoro-soro kwekusingaperi kwevanhu vano kuri mukufamba mukuteerera kumirairo ya . . . Mwari.”⁹

Kuteerera hunhu hunowanikwa muvaporofita vose; kwakavapa simba neruzivo mumakore ose. Zvakakosha kwatiri kuti tizive kuti isu, pamwepo, tinekodzero yenyuko iyi yesimba neruzivo. Inowanikwa zvirinyore kunemumwe nemumwe wedu nhasi apo patinoteerera kumirairo yaMwari.

Nemumakore ose apfuura, ndakaziva vanhu vasingaverengeki avo vainge vakatendeka uye vanoteerera. Ndakaropafadzwa nokukurudzirwa navo. Regai ndigoverane nemi rondedzero yevaviri vevanhu ava.

Walter Krause aiva nhengo yakatendeka yeChechi uyo, nemhuri yake, aigara munyika yakazozikanwa seEast Germany mushure meHondo yePanyika yeChipiri (Second World War). Zvisinei nematambudziko aakatarisana nawo nokuda kwekushayikwa kwerusununguko munzvimbo iyi yepanyika panguva iyoyo, Bhuratha Krause aiva murume aida uye aishandira Ishe. Nokutendeka uye nehanya inechido aizadzikisa basa roga roga raipuwa kwaari.

Mumwe wevarume ava, Johann Denndorfer, chizvarwa chekuHungary, akatendeukira kuChechi muGermany uye akabhabhatidzirwa ikoko muna 1911 pazero remakore gumi nemanonwe. Mushure me nguva diki abhabhatidzwa akadzokera kuHungary. Mushure meHondo

yePanyika yeChipiri, akava semusunungwa munyika yake yekuzvarirwa, muguta reDebrecen. Rusununungo rwakanga rwatorwa kubva kuvanhu vemuHungary.

Bhuratha Walter Krause, avo vakanga vasingazive Bhuratha Denndorfer, vakatambira basa rokuti vave mudzidzisi wavo wekumba uye kuvashanyira nguva nenguva. Bhuratha Krause vakachaira runhare kumufambidzani wavo wedzidziso dzekumba uye vakati kwaari, “Tatambira basa rokushanyira Bhuratha Johann Denndorfer. Unokwanisa here kuenda neni vhiki ino kunovaona nokuvapa shoko revhangeri?” Uye zvino vakawedzera, “Bhuratha Denndorfer vanogara muHungary.”

Mufambidzani wavo uyo akanga avhunduka akabvunza, “Tinosumuka kuendako riini?”

“Magwana,” yakauya mhinduro kubva kuna Bhuratha Krause.

“Tinozodzoka kumba riini?” mufambidzani akabvunza.

Bhuratha Krause vakapindura, “Aa, mushure mevhiki—kanatikadzoka.”

Vafambidzani vaviri ava vedzidziso dzekumba vakaenda kunoshanyira Bhuratha Denndorfer, vachifamba nechitima nebhazi kubva kunzvimbo yekuchamhembe yakaswedera nochokumabvazuva kweGermany kuenda kuDebrecen, Hungary—rwendorwa rwakanga rwakareba chaizvo. Bhuratha Denndorfer vakanga vasina kumbova nevadzidzisi vekumba kubvira hondo isati yatanga. Zvino, pavakaona varanda vaIshe ava, vakabatwa zvikuru nerutendo rwekuti vakanga vauya. Pokutanga vakaramba kukwazisana navo nemaoko. Pano-kudaro, vakaenda kumupanda wavo wekurara uye vakatora kubva mukadhirowa bhokisi raiva nemari yeche-gumi yavo iyo yavakanga vachengeta kwemakore akawanda. Vakapa chegumi chavo kuvadzidzisi vavo vekumba uye vakati, “zvino ndadzadzikisa chisungo changu chechegumi kuna Ishe. *Zvino* ndava kunzwa kuti ndakodzera kukwazisa ndichibata maoko evaranda vaIshe!” Bhuratha

Krause vakazondiudza pashure kuti vakanga vabatwa pamwoyo zvisingatsananguriki kufunga kuti bhuratha akatendeka uyu, akanga asina kukwanisa kuenda kana kunzwa kubva kuChechi kwemakore akawanda, nekuteerera uye nguva nenguva asingakundikani akanga atora kubva kunezvaaitambira zvisishomanana chikamu gumi kubva muzana icho chaashandisa kubvisa chegumi chake. Akanga aichengeta asingazivi kuti ndirini kana kuti aizokwanisa here kuva nemukana wekuibvisa.

Bhuratha Walter Krause vakashaya makore mapfumbamwe apfuura pazera remakore makumi mapfumbamwe nemana. Vakashanda nekutendeka nekuteerera nemuupenyu hwavo hwose uye vaiva kurudziro kwandiri nokuna avo vose vaivaziva. Apo pavaikumbirwa kuzadzikisa basa, havaimbo bvunza, havaimbogununa, uye havaimbowana zvikonzero zvokusariita.

Mabhuratha nemasisita angu, chiyedzo chikuru choupenyu huno kuteerera. “Uye tichavayedza ipapo,” akadaro Ishe, “kuti tione kuti vachaita here zvose zvinhu zviri zvipi Ishe Mwari wavo zvaachavaudza kuti vaite.”¹⁰

Muponesi akataura, “Nokuti vose vanoda vachawana maropafadzo mumaoko angu vachateerera mutemo uyu wakamisirwa maropafadzo iwayo, nemirairo yacho iripo sezvayakaiswa yakaita hwaro hwenyika husati hwavepo.”¹¹

Hakuna mumwe muenzaniso uripo wekuteerera wakakura kupinda uyo weMuponesi wedu. NeZvake, Pauro akati :

Kunyangwe aiva Mwanakomana, wakadzidza kuteerera nezvaakatambudzika;

“Uye akati akwaniswa, akazova muvambi wokuponeswa kusingaperi kunavose vanomuteerera.”¹²

Muponesi akataridza rudo rwechokwadi rwaMwari nokurarama upenyu hwakarurama, nokukudza basa rinoera iro rakanga riri Rake. Haana kumbozvikuudziridza pamusoro pavese.

Haana kumbotutuma nekuzvikudza.
Haana kumbova asina kutendeka.
Aizvininipisa nguva dzose. Aiva
muchokwadi nguva dzose. Aiteerera
nguva dzose.

Kunyangwe Akaedzwa natenzi
wekunyengedza uya, kunyangwe
dhiyabhozi, kunyangwe Akarukutika
panyama nokuda kwekutsanya ma-
zuva makumi mana neusiku makumi
mana uye akanzwa nzara, asi apo
muyipi paakaedza Jesu nemazano
aitaridzika seakanaka chaizvo uye
aikwezva, Akapa kwatiri muenzaniso
mutsvene wekuteerera paakaramba
kutsauka kubva pane zvaAiziva kuti
ndizvo zvakanaka.¹³

Paakatarisana nemarwadzo makuru
eGetsemani, umo maAkarwadziwa
zvokuru zvokuti “ziya rake rakaita sa-
madonwe eropa, akadonhera pasi,”¹⁴
Akava muenzaniso wakarurama
weMwanakomana anoteerera nokuti,
“Baba, kana muchida, bvisai muko-
mbe uyu kwandiri! Asi kuda kwangu
kurege kuitwa, asi kwenyu.”¹⁵

Sekuraira kwakaita Muponesi Va-
apostora Vake vokutanga, saizvozvo
Anoraira iwe neni, “Unditevere iwe,”¹⁶
Tinoda here kuteerera?

Ruzivo urwo rwatinotsvaka,
mhinduro idzo dzatinoshuvira, uye

simba ratinoda nhasi kuti tisangane
nezviedzo zvepanyika panonetsa ku-
nzwisisa uye panochinja nguva dzose
zvinokwanisa kuva zvedu kana tichi-
nge tichida kuteerera kumirairo yaI-
she. Ndinotapa zvakare manzwi aIshe
“uyo anochengeta mirairo ya[Mwari]
anogashira chokwadi nechiedza, ku-
dakara abwinyiswa muchokwadi uye
ave kuziva zvose zvinhu.”¹⁷

Munamato wangu wakaninipa
wekuti tingaropafadzwa nemituso
yakawanda chaizvo iyo yakavimbi-
swa kune vanoteerera. Nemuzita
raJesu Kristu, Ishe neMuponesi wedu,
Ameni.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. “Oh Say, What Is Truth?”
Hymns, nhamba 272.
2. Dzidziso neZvibvumirano 136:31.
3. 1 Samueri 15:22.
4. Dzidziso neZvibvumirano 64:34.
5. 1 Nifai 3:7.
6. Genesi 22:12.
7. Genesi 22:18.
8. Joseph F. Smith, “Discourse,” *Deseret News*,
Mbudzi 12, 1873, 644.
9. Gordon B. Hinckley, “If Ye Be Willing and
Obedient,” *Ensign*, Zvita 1971, 125.
10. Abrahama 3:25.
11. Dzidziso neZvibvumirano 136:5.
12. VaHeberu 5:8–9.
13. Ona Mateo 4:1–11.
14. Ruka 22:44.
15. Ruka 22:42.
16. Johane 21:22.
17. Dzidziso neZvibvumirano 93:28.

Dzidziso dzeNguva Yedu

Dzidziso dzeHufundisi hwaMerkizedeki nedze Chita cheRubatsiro paSvondo yechina dzichamisirwa ku”Dzidziso dzeNguva Yedu” Chidzidzo chega chega chinokwanisa kugadzirirwa kubva kunhaurwa imwechete kana kupfuura dzakapfuura mumusangano mukuru uchangopfuura (ona chati iri pazasi). Vatumamiri vesiteki nevedunhu vangangokwanisa kusarudza nhaurwa dzinofanira kushandiswa, kana kuti vangangopa basa iri kumabhisopi nevatungamiri vebazi. Vatumamiri vanosimbisa kukosha kwazvakaita kuti mabhuratha eHufundisi hwaMerkizedeki nemasisita eChita cheRubatsiro vadzidze nhaurwa dzimwechetedzo paSvondo dzimwechetedzo.

Avo vanopinda zvidzidzo zveSvondo yechina vanokurudzirwa kudzidza uye kuuya kukirasi nemagazini remusangano mukuru uchangopfuura.

Mazano eKugadzirira Chidzidzo kubva muNhaurwa

Namata kuti Mweya Mutsvene uzova newe apo paunodzidza

nekudzidzisa nhaurwa (iyi/idzi). Ungangonzwa kuda kugadzirira chidzidzo uchishandisa zvimwe zvinyorwa, asi nhaurwa dzemusangano mukuru ndizvo zvinyorwa zvinobvumidzwa. Basa rako nderekubatsira vamwe kudzidza nekurarama vhangeri sekudzidziswa kwarakaitwa mumusangano mukuru weChechi uchangopfuura.


Wongorora nhaurwa (iyi/idzi), uchitsvaka misimbote nedzidziso zvinozadzikisa zvidikanwi zvenhengo dzekirasi. Tsvakawo nyaya, ndima dzakatapwa kubva mumagwaro matsvene, nezvirevo kubva munhaurwa zvinozokubatsira kudzidzisa chokwadi ichi.

Nyora tsananguro inoratidza madzidzisiro achaitwa misimbote nedzidziso. Funga kusangani-sira mibvunzo inobatsira nhengo dzekirasi.

- Tsvaka misimbote nedzidziso munhaurwa (iyi/idzi).
- Funga pamusoro pezvazvinoreva
- Govera nzwisiso, mazano, zviitiko, nezvapupu.
- Shandisa misimbote iyi nedzidziso idzi muupenyu hwavo.

MWEDZI INODZIDZISWA ZVIDZIDZO	ZVINYORWA ZVOKUSHANDISA MUCHIDZIDZO CHESVONDO YECHINA
Kubvumbi 2013–Gumiguru 2013	Nhaurwa dzakapiwa mumusangano mukuru waKubvumbi 2013*
Gumiguru 2013–Kubvumbi 2014	Nhaurwa dzakapihwa mumusangano mukuru waGumiguru 2013*

**Kwezvidzidzo zveSvondo yechina zvaKubvumbi nezvaGumiguru, nhaurwa i(dzi)nokwanisa kusarudzwa kubva kumusangano wakapfuura kana kubva kune uchangopfuura. Nhaurwa idzi dzinowanikwa mundimi dzakawanda kubva kuconference.lds.orgconference.lds.org.*



NaMutungamiri Henry B. Eyring
Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga

“Uyai kwaNdiri

*Nemanzwi Ake nemuenzaniso Wake,
Kristu akatiraridza maswederere atingaita kwaAri.*

Ndinotenda kuvanemi mumusangano mukuru uno weChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Iyi iChechi Yake. Tinitora zita Rake patiri apo patinopinda muumambo Hwake. Ndiye Mwari, Musiki, uye akarurama. Tiri vanhu venyama vanofa uye vanotadza. Asi murudo Rwake kwatiri nemhuri dzedu, Anotikoka kuti tive pedyo Naye. Aya ndiwo manzwi Ake: “Swedera pedyo neni uye ini ndichaswedera pedyo nemi; nditsvakei nokushingaira uye muchandiwana, kumbirai uye muchagashira; gogodzai, uye muchazarurirwa.”¹

Pamwaka uno welsita tinoyechidzwa kuti sei tichiMuda uye nezve chivimbiso chaAnoita kuvadzidzi vake vakatendeka kuti vanozova shamwari Dzake dzinodiwa. Muponesi akaita chivimbiso ichocho uye akatiudza, mauyire Aanoita kwatiri, apo tino Mushandira. Mumwe muenzaniso uri muzvakazarurwa kuna Oliver Cowdery apo paaishandira Ishe neMuporofita Joseph Smith mukududzira Bhuku raMormoni: “Tarisai, ndiwe Oliver, uye ndataura kwauri pamusana pezvauri kuda; nokudaro

chengetedza manzwi aya mumwoyo mako. Iva unotendeka nokushingirira mukuchengeta mirairo yaMwari, uye ini ndichakukomberedza mumaoko erudo rwangu.”²

Ndakanzwa rufaro rwekuuya pedyo neMuponesi uye rwekuuya Kwake pedyo neni kazhinjisa kuburikidza nezviito zvakareruka zvekuteerera kumirairo.

Iwe Wakava nezviitiko izvozvo. Zvingangova apo pawakasarudza kupinda musangano wesakaramende. Ini ndakava nechitiko chakadaro pane mumwe musi weSabata apo pandaiva ndichiri mudiki chaizvo. Mumazuva iwayo taitambira sakaramende mumusangano wamanheru. Ndangariro yemumwe musi makore anopfura makumi matanhatu neshanu akapfura, apo pandakachengeta murairo wekuungana nemhuri yangu uye neVatendi, ichiri kundisweddedza pedyo neMuponesi.

Kunze kwakanga kwakasviba uye kuchitonhora. Ndinorangarira ndichinzwa kurerukirwa nekudziyirwa muhechi manheru iwayo nevabereki vangu. Takatora sakaramende, yakaropafadzwa nokutambidzwa nevanehupirisita hwaAaroni, tichibvumirana

naBaba vedu Vokudenga kurangarira Mwanakomana Wavo nguva dzose nokuchengeta mirairo Yavo.

Kumagumo kwemusangano takaimba rwiyo “Garai neni, Nokuti Ava Madekwana,” nemanzwi ari maruri “O Muponesi, garai neni usiku huno.”³

Ndakanzwa rudo nekuvapedyo kweMuponesi manheru iwayo. Uye ndakanzwa nyaradzo yeMweya Mutsvene.

Ndaida kuvandudza zvakare manzwi erudo rweMuponesi uye kuva pedyo Kwake zvandakanga ndanzwa mumusangano wesakaramende iwoyo muhudiki hwangu. Saka nguva pfupi yapfura iyo ndakachengeta mumwe murairo. Ndakanzvera mumagwaro matsvene. Maari, ndaiziva kuti ndaikwanisa zvakare kuva neMweya Mutsvene uchiita kuti ndinzwe izvo zvakanzwikwa nevadzidzi vaviri vaIshe Akamuka apo paAkatambira kukoka kwavo kuti auye mumba mavo uye agare navo.

Ndakaverenga nezve zuva rechitatu mushure meKuroverwa Pamuchinjikwa nokuvigwa Kwake. Madzimai akatendeka nevamwe vanhu vakawana dombo rakungurutswa rabviswa pabwiro uye vakaona kuti mutumbu Wake wakanga usirimu. Vakanga vauya nokuda kwerudo rwavo kwaAri kuti vazozodza muviri Wake.

Ngirozi mbiri dzakamirapo uye dzikabvunza kuti sei vaitya, vachiti: “Munotsvakireiko mupenyu pakati pavakafa?

“Haapo pano, wamuka: Fungai zvaakakuvudzai achiri Garirea,

“Achiti, Mwanakomana womunhu unofanira kuiswa mumaoko evanhu vakaipa, aroverwe pamuchinjikwa, agomuka nezva retatu.”⁴

Vhangeri raMarko rinowedzera ra-iro yakabva kune mumwe wengirozi idzi: “Asi endai, mundovudza vadzidzi vake naPetro, kuti unokutungamirirai Garirea, muchandomuvonako, sezvaakakuvudzai.”⁵

Vaapositora nevadzidzi vakanga vaungana muJerusarema. Sezvatingadai takaita, vaitya nokushama apo pavaitaurirana nezvekuti rufu nema-shoko okumuka kuvakafa Kwake zvaizorevei kwavari.

Vaviri vevadzidzi vakafamba masikati iwayo kubva Jerusarema munzira yokuenda kuEmausi. Kristu Akamuka kuvakafa Akazviratidza panzira akafamba navo. Ishe Akanga Auya kwavari.

Bhuku raRuka rinotibvumira kufamba navo:

“Zvino vakati vachitaurirana noku-bvunzana, Jesu amene akaswedera, akafamba navo.

“Asi meso avo akanga abatwa vakasamuziva.

“Akati kwavari: Mashoko amunotaurirana pamusoro pawo muchifamba, ndeiko?

“Mumwe wavo, wainzi Kreopasi, akapindura, akati kwaari, Ko ndiwe woga ugere muJerusarema somutorwa, usingazivi zvakaitwa'mo mazuva ano here?”⁶

Vakamuudza nezvokusuwa kwavo kuti Jesu akanga afa apo pavakanga vavimba kuti aizova Mununuri weIsraeri.

Ishe Akamuka Anofanira kunge akataura neinzwi rinerudo apo paitaura kuvadzidzi vaviri ava vaiva vakasuwa uye vachichema:

“Zvino iye akati kwavari: Imi vokusafunga, munemwoyo inonoka kute-nda zvole zvakarebwa navaporofita:

“Ko Kristu wakanga asingafaniri kutambudzika saizvozvo, agopinda pakubwinya kwake here?

“Ipapo akatanga kuna Mosesi navaporofita vose, akavadudzira zvakanorwa pamusoro pake mumagwaro ose.”⁷

Zvino kwakauya nguva yakabata mwoyo wangu kubvira pandaiva mukomana mudiki.

“Zvino vakaswedera kumusha kwavakanga vachienda, iye akaita sowoda kupfuura.

“Asi vakamugombedzera, vachiti, Garai nesu, nokuti ava madekwana, zuva ravira. Ipapo akapinda kundogara navo.”⁸

Muponesi akatambira manheru iwayo kukokwa kuti apinde mumba yevadzidzi Vake pedyo nemusha weEmausi.

Akagara navo pakudya. Akatora chingwa, akachiropafadza, akachimedura, ndokuvapa. Meso avo akasvinudzwa vakaMuziva. Zvino akanyangarika kwavari. Ruka akatinyorera manzwiro evadzidzi vakaropafadzwa avo: “Vakataurirana, vachiti: Ko mwoyo yedu yakanga isingapisi mukati medu, achitaura nesu munzira, nokutizarurira Magwaro here?”⁹

Paawa imwechete iyoyo, vadzidzi vaviri ava vakadzokera nokukurumidza kuJerusarema kunoudza Vaapositora gumi nemumwe zvakanza zvaitika kwavari. Panguva iyoyo Muponesi akazviratidza zvakare.

Akawongorora huporofita hwebasa Rake rekudzikinura zvivi zvevana vose vaBaba Vake uye adimbure majoko erufu.

“Akati kwavari: Ndizvo zvakanorwa, kuti Kristu uchatambudzika, agomuka kuvakafa nezuva retatu:

“Kuti marudzi ose aparidzirwe nezita rake kutendeuka nokukanganwirwa zvivi, vachitanga paJerusarema.

“Uye imi muri zvapupu zvezvinhu izvi.”¹⁰

Manzwi eMuponesi ndeecho-kwadiwo kwatiri sezvakanga ari kuvadzidzi Vake panguva iyoyo. Tiri zvapupu zvezvinhu izvi. Uye basa rakanakisisa ratakatambira apo patakabhabhatidzwa muChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira rakatsanangurwa zviri pachena kwatiri nemuporofita Aruma mazana emakore akapfuura pamvura dzaMormoni:

“Uye zvakaitika kuti akati kwavari; Tarisai, hedzino mvura dzaMormoni (nokuti ndiko kudaidzwa kwadzaitwa) uye zvino, zvamunoda kuuya

mudanga raMwari, nokudaidzwa sa-vanhu vavo, uye muine chido chokutakurirana mitoro, kuti ive inoreruka.

“Hongu, uye kuti munoda kuchema neavo vanochemba; hongu, nokunyaradza avo vanenge vachida kunyaradzwa, nokumira sevapupuri vaMwari panguva dzose muzvinhu zvole, nomunzvimbo dzose dzamunenge muri, kana kusvikira pakufa, kuti muzonunurwa naMwari, nokuzoverengerwa neavo vachamutswa pakumuka kwokutanga, kuti muve noupenyu hwokusingaperi—

“Zvino ndinoti kwamuri, kana izvi zviri zvido zvemwoyo yenyu, chii chamusingade kuti mubhabhatidzwe muzita raIshe, seuchapupu pamberi pavo kuti mapinda muchibvumirano navo, kuti muchamushandira noku-chengeta mirairo yavo, kuti vazova vanodurura Mweya wavo pamuri zvakananyanya?

“Zvino apo vanhu vakanga vanzwa mazwi aya, vakarova maoko avo nomufaro vakati: Izvi ndizvo zvido zvemwoyo yedu.”¹¹

Tiri pasi pechibvumirano zvese kubatsira nokukurudzira avo vanoda rubatsiro uye kuva zvapupu zveMuponesi nemuhupenyu hwedu huno hwese.

Tinokwanisa kuzviita tisingakundikani chete apo patinonzwa rudo kuMuponesi uye rudo Rwake kwatiri. Apo patinenge takatendeka kuzvivi-mbiso zvatakaita, tinonzwa rudo rwedu kwaAri. Runowedzera nokuti tichanzwa simba Rake uye kuswedera Kwake pedyo nesu apo patinenge tichiMushandira.

Mutungamiri Thomas S. Monson vakatiyeuchidza kakawanda nezve chivimbiso chaIshe kuvadzidzi Vavo vakatendeka: “Uye ani zvake achakugashirai, ipapo ndichavepowo, nokuti ndichaenda pamberi pehuso hwenyu, Ndichange ndiri kurudyi rwenyu nokuruboshwe, Mweya wangu uchange uri mumwoyo yenyu, uye ngirozi dzangu dzangu dzakakukomberedzai, kuti dzikusimudzirei pamusoro.”¹²

Kune imwe nzira iwe neni yatakanzwa nayo kuswedera pedyo

nesu Kwake. Apo tinopa mushando werudo rukuru kwaAri, Anoswadera pedyo kune avo vatinoda mumhuri dzedu. Nguva yose yandaifanira kutama kunogara kumwe kana kusiya mhuri yangu kuti ndinoshandira Ishe, ndakaona kuti Ishe airopafadza mudzimai wangu nevana vangu. Akagadzirira varanda Vake vanorudo uye mikana yokuswededza mhuri yangu pedyo Naye.

Imi makanzwa ropafadzo rimwechetero muupenyu hwenyu. Vazhinji venyu mune vadikanwi avo vari kutsauka kubva panzira yekuupenyu hwusingaperi. Munoshama kuti chii chakawedzerwa chamugaita kuva dzosa. Munokwanisa kuvimba naIshe kuti Anoswedere pedyo navo apo pamuno Mushandira murutendo.

Munorangarira chivimbiso chaIshe kuna Joseph Smith naSidney Rigdom apo pavaiva kure nemhuri dzavo vachiMushandira: “Shamwari dzangu Sidney naJoseph, mhuri dzenyu dziri zvakanaka; dziri mumaoko angu, ndichaita navo izvo zvandinoona zvakanadinakira; nokuti mandiri mune simba rose.”¹³

SaAruma naMambo Mosaya, vawmwe vabereki vakatendeka vakashandira Ishe kwenguva yakareba uye zvakanaka asi vane vana vakatsauka kunyangwe nekuzvipira kwevabereki vavo kuna Ishe. Vakaita zvose zvavai-kwanisa pasina chimuko, kunyangwe nerubatsiro kubva kushamwari dzine rudo dzakatendeka.

Aruma neVatendi venguva yake vakanamatira mwanakomana wake nevanakomana vaMambo Mosaya. Ngirozi yakauya. Minamoto yenyu neminamoto yeavo vanoshandisa rutendo rwavo ichaunza varanda vaIshe kuzobatsira nhengo dzemhuri dzenyu. Vanozovabatsira kusarudza nzira yokumusha kuna Mwari, kunyangwe pavanorwiswa naSatani nevateveri vake, avo vane chinangwa chokuparadza mhuri muupenyu huno uye nemukusingaperi.

Munoyeuka manzwi akataurwa nengirozi kuna Aruma Mudiki nevanakomana vaMosaya mukupanduka

kwavo: “Uye zvakare, ngirozi yakati: Tarisai, Ishe vakanzwa minamoto yevanhu vavo, neminamoto yemuranda wavo, Aruma, anova baba vako; nokuti akanamata nerutendo rukuru maererano nemi kuti dai masvitswa pakuziva chokwadi; naizvozvo, nechikonzero ichochi ndauya kuti ndizokupwisai nezvesimba nemvumo yaMwari, kuti minamoto yeparanda vavo ingapindurwe maererano nerutendo rwavo.”¹⁴

Chivimbiso changu kwauri iwe unonamata nokushandira Ishe hachikwanisi kuva chokuti uchawana ropafadzo rose raunozvishuwira iwe nemhuri yako. Asi ndinokwanisa kukuvimbisa kuti Muponesi achaswadera pedyo newe nokuropafadza iwe nemhuri yako neizvo zvakanakisisa. Uchava nenyaradzo yerudo Rwake uye uchaMunzwa achiswadera pedyo mumhinduro kuminamoto yako, apo unotandavadza maoko ako mukupa mushando kuna vamwe. Apo paunopa rubatsiro kuna avo vanoda rubatsiro uye paunopa cheneso yeRudzikinuro Rwake kuna avo vakasuwa nokuda kwezvivi, simba raIshe rinozokutsigira. Maoko Ake akatandavadzwa pamwepo neako kubatsira nokuropafadza vana vaBaba vedu Vokudenga, kusanganisira avo vari mumhuri yako.

Kune kutambirwa kwakanakisa kwatakagadzirirwa apo patinodzokera kumusha. Zvino tichazooka kuzadzikiswa kwechivimbiso chaIshe, avo vataida. Ndiye Achatitambira muupenyu hwekusingaperi matinonogara Naye uye naBaba vedu Vokudenga. Jesu Kristu akazvitsanangura nenzira iyi:

“Tsvaka kuunza uye nokumisa Zioni yangu. Chengeta mirairo yangu muzvinhu zvose.

“Uye, kana ukachengeta mirairo yangu uye nekushingirira kusvika kumagumo uchawana upenyu hwekusingaperi, chiri icho chipo chikuru kupfuura zvose zvipo zvaMwari.”¹⁵

“Nokuti avo vapenyu vachawana nhaka yepasi, uye avo vakafa vachazorora kubva mukushanda kwavo

kwose, uye mabasa avo achavatevera; uye vachagashira korona mudzimba dzaBaba vangu, idzo dzandakavagadzirira.”¹⁶

Ndinopupura kuti tinokwanisa neMweya kutevera kukoka kwaBaba Vokudenga: “Uyu Mwanakomana Wangu Wandinoda. Munzwe!”¹⁷

Nemanzwi Ake uye nemuenzaniso Wake, Kristu Akatitaridza maswederero atingaita kwaAri. Mwana wega wega waBaba Vokudenga uyo akasarudza kupinda nemusuo rerubhabhatidzo muChechi yaVo achava nemukana muupenyu huno hwekudzidziswa vhangeri Ravo uye kunzwa kubva kuvaranda Vavo vakadaidzwa, kukoka Kwavo, “Uyai kwandiri.”¹⁸

Varanda Vavo vese avo vakaita chibvumirano naVo vari muumambo Hwavo pasi uye munyika yemweya vachatambira hutungamiri Hwavo kuburikidza neMweya apo vanoropafadza nokushandira vamwe vakaVamiririra. Uye vachanzwa rudo Rwavo nokuwana rufaro mukuswededzwa pedyo Navo.

Ndiri chapupu cheKumuka Kuvakafa kwaIshe pachokwadi chose sokunge ndakanga ndiripo manheru iwayo nevadzidzi vaviri muimba yenzira yekuEmausi. Ndinoziva kuti Anorarama nechokwadi chose sekuziva kwakaita Joseph Smith apo paakaona Baba neMwanakomana muchiedza chemagwanani akanaka zvikuru musango remiti muPalmyra.

Iyi iChechi yechokwadi yaJesu Kristu. Chete mumakii ehupirisita anaMutungamiri Thomas S. Monson ndimo mune simba rokuti tisungandzwe mumhuri kuti tirarame nokusingaperi naBaba vedu Vokudenga uye naIshe Jesu Kristu. PaZuva roKutongwa tichamira pamberi peMuponesi, takatarisana naye. Ichava nguva yerufaro kuna avo vakaswadera pedyo Naye mumushando Wake muupenyu huno. Zvichafadza kunzwa mashoko okuti: “Zvakanaka, muranda wakanaka, wakatendeka.”¹⁹ Ndinopupura chaizvo sechapupu cheMuponesi Akamuka uye Mununuri wedu nemuzita raJesu Kristu, amen.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Dzidziso neZvibvumirano 136:31.
2. Dzidziso neZvibvumirano 6:20.
3. "Abide with Me; 'Tis Eventide,"
Hymns, nhamba. 165.
4. Ruka 24:5-7.
5. Marko 16:7.
6. Ruka 24:15-18.
7. Ruka 24:25-27.
8. Ruka 24:28-29.
9. Ruka 24:32.
10. Ruka 24:46-48.
11. Mosaya 18:8-11
12. Dzidziso neZvibvumirano 84:88 .
13. Dzidziso neZvibvumirano 100:1.
14. Mosaya 27:14.
15. Dzidziso neZvibvumirano 14:6-7
16. Dzidziso neZvibvumirano 59:2
17. Joseph Smith—Nhorondo 1:17
18. Mateo 11:28.
19. Mateo 25:21.